

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sakur mahluk anu gumelar di dunya, ngabogaan basa séwang-séwangan. Umpamana urang nempo anak hayam kabulusan, tangtu bakal ciak-ciakan ngageroan indungna. Kitu deui umpamana anak ucing kurang nyusu bakal éong-éongan. Éta nuduhkeun basa lain ngan saukur boga manusa baé, dalah sato ogé ngabogaan sistem aturan basana.

Ari basa anu dipaké ku manusa, lain ciak atawa éong, tapi ngabogaan aturan anu husus dumasar kana konsepsi tata hirup pakumbuhan masarakat. Lantaran manusa mah boga rasa, pikiran jeung ka hayang anu leuwih punjul batan sato, tangtu dina ngagelarkeun konsép basa ogé bakal leuwih alus, dina harti ngabogaan aturan anu sistematis tur di aragem ku masarakat anu maké éta basa.

Umpamana urang geus lalajo maén bola. Ditanya ku babaturan, kumaha maén bola téh alus teu,? Umpamana alus urang cukup ku ngacungkeun jempol. Éta gé mangrupa basa, nya éta basa isyarah.

Patali jeung hal éta ditétélakeun ku Taufik Faturohman (1982: 1) yén basa téh nya éta alat anu dipaké ku manusa pikeun nepikeun maksud ka jalma lian atawa ka diri sorangan boh sacara lisan, tulisan, atawa isarah.

2.1 Méthode Penulisan

Méthode penulisan anu digunakeun dina nyusun ieu makalah nya éta méthode studi pustaka, ku cara maca buku anu ngandung cutatan-cutatan ngeunaan harti basa, sarta anu aya patalina jeung komponén jeung kopetensi basa.

3.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah diluhur, sangkan ieu makalah téh teu lega teuing baris diwatesanan nya éta. Ku harti kompetensi jeung basa, Asal-usul Basa, fungsi basa, Struktur Basa, Komponén Tata Basa anu ngawengku (sintaksis, semantik, fonologi).

4.1 Tujuan Penulisan

Dumasar kana watesan masalah diluhur, ieu penulisan téh miboga tujuan nya éta:

1. Pikeun nyumponana salahsahiji matakuliah psikolinguistik
2. Pikeun mikanyaho harti kompetensi jeung basa
3. Pikeun mikanyaho Asal-usul Basa
4. Pikeun mikanyaho fungsi basa
5. Pikeun mikanyaho Struktur Basa
6. Pikeun mikanyaho Komponén Tata Basa anu ngawengku (sintaksis, semantik, fonologi).

BAB II

PEDARAN

2.1. Wangenan Kompetensi jeung Basa

Kompetensi mangrupa “kamampu” anu eusina ngawengku kaweruh (kognitif), kamaheran (psikomotor), jeung ajén-ajén (afektif) dasar, anu diébréhkeun (direfléksikeun), kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsistén) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampu (kompotén) pikeun milampah hiji hal (Drs.Yayat Sudaryat, M. Hum. 2004: 13).

Basa téh nya éta alat anu dipaké ku manusa pikeun nepikeun maksud ka jalma lian atawa ka diri sorangan boh sacara lisan, tulisan, atawa isarah (Taufik Faturohman 1982: 1).

Basa mangrupa hiji sistem lambang sora (*bunyi*) anu sifatna arbiter. Pamadegan ieu ditepikeun ku para pakar Linguistik. Definisi ieu ngébréhkeun yén basa téh sistem, sarua jeung sistem-sistem anu liana, sarta sifatna sistematis jeung sistemis. Jadi sistem basa ieu lain ngansaukur sistem tunggal wungkul tapi mangrupa subsistem anu diwangun ku subsistem (subsistem fonologi, sistaksis jeung léksikon).

Salian ti éta fungsi basa ditingali tina segi sosial, yén basa téh nya éta alat interaksi atawa alat komunikasi di masarakat.

Jadi anu dimaksud kompeténsi basa téh nya éta kamapuh jalma dina nepikeun maksud jeung tujuanna ka jalma lian boh sacara lisan, tulisan atawa isarah.

2.2. Asal-Usul Basa

Numutkeun filsuf Prancis basa téh asalna tina *teriakan-teriakan* jeung gerak badan anu sifatna naluri anu hudangna ku perasaan atawa émosi anu kuat (F.B. Condillac).saterusna tina teriakan-teriakan éta rubah jadi sora-sora anu ngabogaan ma’na anu satuluyna lila kalilaan jadi panjang jeung leuwih hésé. Saméméh aya téori ieu anu ditepikeun ku Condillac, loba anu percaya yén basa téh asalna ti pangéran nya éta Alloh SWT, hal ieu utamana ditepikeun ku para ahli agama.

2.3. Fungsi Basa

Mangrupa pikeun alata interaksi sosial, dinaharti alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsep atawa perasaan (Chaer, 1995). Dina hal ieu Wardhaugh (1972) salahsahiji pakar

sosiolinguistik anu nyebutkeun yén fungsi basa téh alat komunikasi manusa, boh sacara lisan atawa tulisan. Tapi, fungsi ieu geus ngawengku lima fungsi dasar anu disebut ku Kinneavy *fungsi ekspresi, fungsi informasi, fungsi eksplorasi, fungsi persuasi, jeung fungsi entertainmen*. (Michel, 1967 : 51).

2.4. STRUKTUR BASA

Dina unggal analisis basa aya dua konsép anu kudu dicangkem nya éta struktur jeung sistem. Struktur patali jeung masalah hubungan antara unsur-unsur dina beungkeutan ujaran, misalna antara foném jeung foném dina kecap, antara kecap jeung kecap dina frase atawa antara frase jeung frase dina kalimah. Sedengkeun sistem patali jeung hubungan antara unsur-unsur basa dina ujaran anu séjén.

Fakta yén predikat aya ditukangeun subjék dina basa nya éta masalah struktur sedengkeun fakta ayana verba aktif jeung verba pasif nya éta masalah sistem (Chaer, 1994.)

Dina linguistik generatif transformasi, struktur sarua jeung tatabasa. Sedengkeun tatabasa éta sorangan mangrupa pangaweruh panyatur ngeunaan basana, anu biasa disebut kompetensi. Anu saterusna kompetensi ieu dimangpaatkeun dina performansi nya éta mangrupa omongan atawa pamahaman kana omongan. Dina *pelaksanaan* basa éta, linguistik generatif transformasi nyodorkeun ayana konsép struktur-jero (deep structure) jeung ayana struktur-luar (surface structure).

a. Tata Basa

Numutkeun linguistik generatif transformasi, unggal tata basa ngawengku tilu komponennya éta *komponen fonologi, komponen sintaksis jeung komponen semantik*. Namung, pikeun maham katilu komponen ieu, kudu maham heula konsép struktur-jero jeung struktur-luar.


b. Struktur-jero jeung struktur-luar

Struktur jero nyaéta struktur kalimah anu sacara abstrak aya dina jero uteuk panyatur saméméh kalimah éta diucapkeun. Sedengkeun struktur luar nya éta struktur kalimah éta nalika diucapkeun nu bisa kadéngé. Jadi, sifatna konkrét.

Numutkeun téori ieu, dina uteuk urang aya hiji peringkat répréséntasi anu abstrak pikeun kalimah nu diucapkeun. Representasi struktur jero nu abstrak ieu dipatalikeun ku rumus-

rumus transformasi jeung representasi struktur luar, nyaéta kalimah-kalimah nu kadéngé atawa diucapkeun.

Tinénan ieu bagan :



2.5. Komponén Tata Basa

Unggal tata basa dina linguistik generatif transformasi, diwangun ku tilu komponén nya éta komponén sintaksis, komponén semantik, jeung komponén fonologi.


2.5.1. Komponén Sintaksis

Sintaksis mangrupa komponén sentral dina nyusun kalimah, disagédéngkeun komponén semantik jeung fonologi. Ari sintaksis téh nya éta susunan jeung organisasi kecap-kecap (leksikon) anu ngawangun frase atawa kalimah dina hiji basa numutkeun aturan atawa rumusan dina jero basa éta. Sedengkeun tugas utamana sintaksis nya éta nangtukeun hubungan antara pola-pola sora basa éta kalawan makna-maknana ku cara ngatur urutan kecap – kecap anu ngawangun frasa atawa kalimah éta sangkan luyu jeung makna anu dipiharep ku panyaturna. Pikeun mikanyaho kumaha gawéna, komponén sintaksis ieu, contona aya dihandap:

Kalimat: “*Mang Junanta nanggung paré.*”

1	K (Kalimat)			
2	FN		FV	
3	N	N	V	N
4	Mang	Junanta	Nanggung	Paré

Sedengkeun lamun ngagunakeun diagram pohon saperti dihandap ieu:



2.5.2. Komponén semantik

Téori linguistik generatif transformasi standar nyaluyuan yén makna hiji kalimah gumantung kana sababaraha faktor anu silihpakuat-pakait antara nu hiji jeung anu liana, diantarana nya éta :

- makna léksikal kecap anu ngawangun kalimah,
- susunan kecap dina kalimah,
- intonasi, cara kalimah diucapkeun atawa dituliskeun,
- kontéks situasi tempat kalimah éta diucapkeun,
- kalimah saméméh jeung sanggeus nu nuturkeun kalimah éta, jeung
- faktor-faktor séjénna.

Misalna,

Ucing ngadahar beurit paéh, maké intonasi saperti dihandap bakal béda ma'nana :

- *Ucing/ngadahar beurit paéh*
- *Ucing ngadahar/beurit paéh*
- *Ucing ngadahar beurit/paéh*

2.5.3. Komponén Fonologi

Anu dimaksud komponén fonologi nya éta sistem sora basa. Komponén fonologi ieu mangrupa komponén katilu tina tatabasa generatif transformasi miboga rumus-rumus fonologi anu gunana ngarobah struktur luar sintaksis jadi representasi fonetik nyaéta sora-sora basa nu kadéngé nu diucapkeun ku panyatur.

Umpamana urang ngadéngé kecap [baraŋ], [balaŋ], [bôraŋ], [paraŋ], [palaŋ], jeung [pôraŋ] diucapkeun, katitén yén tina tilu kecap mimiti aya sora [b] dina awal kecapna, dina kecap satuluyna aya sora [p] dina awal kecapna, tina kecap mimiti jeung nu kadua sorana ampir sarua. Sedengkeun anu bédana dina kecap anu kahiji nya éta sora [r], ari dina kecap nu kadua mah nya éta sora [l]. Kecap kahiji jeung katilu sorana ampir sarua; anu ngabédakeuna aya dina sora anu kadua. Kecap kahiji sorana [a], sedengkeun dina kecap katilu sorana [ô]. Lamun ku urang bandingkeun kecap [palaŋ], jeung kecap [pôraŋ], urang bakal manggih dua sora anu béda, nya éta dina kecap [palaŋ], dina sora kadua jeung katilu nya éta [a] jeung [l]. Sedengkeun dina kecap [pôraŋ], anu béda téh nya éta dina sora [ô] jeung [r]. Sora-sora anu ngawangun ieu kecap disebut unit sora atawa segmen fonetik (fon).

BAB III

PANUTUP

3.1 Kacindekan

Tina pedaran diluhur kelompok tilu nyindekeun yén makalah anu judulna Kompetensi Basa anu eusina ngawengku kana wangenan kompetensi jeung basa. Asal-usul basa, fungsi basa, struktur basa, komponén basa anu ngawengku Sintaksis, Semantik, jeung fonologi.

Ari kompetensi nya éta Kompetensi mangrupa “kamampu” anu eusina ngawengku kaweruh (kognitif), kamaheran (psikomotor), jeung ajén-ajén (afektif) dasar, anu diébréhkeun (direfléksikeun), kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsistén) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampu (kompotén) pikeun milampah hiji hal. Sedengkeun ari basa téh nya éta alat anu dipaké ku manusa pikeun nepikeun maksud ka jalma lian atawa ka diri sorangan boh sacara lisan, tulisan, atawa isarah.

Sintaksis mangrupa komponén sentral dina nyusun kalimah, ari sintaksis téh nya éta susunan jeung organisasi kecap-kecap (leksikon) anu ngawangun frase atawa kalimah dina hiji basa numutkeun aturan atawa rumusan dina jero basa éta.

Semantik bagian tina élmu basa anu ngulik jeung medar harti dina hiji basa, asal-usul, selang surup, parobahan harti. Sedeng keun ari fonologi nya éta bagian tina élmu basa anu maluruh jeung medar sora-sora basa, proses selang surupna, fungsina jeung parobahanana.

3.2. Saran

Basa mangrupa alat komunikasi manusa dina nepikeun pamaksudana anu hayang kaharti ku balaréa kitu kusorangan. Kukituna dina nepikeun pamaksudan sangkan bisa kaharti ku baléréa. Perlu paham kana kamampuh ngeunaan élmu basa anu sacara harti fonologi medar ngeunaan sora-sora basa, selangsurupna, fungsi jeung parobahana. Sacara sintaksis anu medar susunan kalimah katut bagianana. Kitu deui jeung semantik anu medar jeung ngulik hiji basa, asal-usul jeung selang surupna, parobahan jeung kamekaran harti. Sangkan urang saléréa dina ngagunakeun basa sunda leuwih parigel.

DAFTAR PUSTAKA

- Chaer, Abdul. 2009. *Psikolinguistik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Faturohman, Taufik. 1982. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Djatnika.
- Sudaryat, Yayat. 2004. *Modél pangajaran Basa Sunda*. Tangerang: CV. Pamulang.
- Sudaryat, Yayat. 2007. *Tata Basa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.
- Sudaryat, Yayat. 1991. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: CV. Geger Sunten.